# ҲУҚЫҚ ТАРАЎЫНЫҢ ПИДАЙЫСЫ

***Б. Султанов***
*Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген*
*Халық билимлендириў хызметкери*

Өзбекстан Республикасы өз ғәрезсизлигин жәриялағаннан сон, мәмлекетимиз алдында, өз раўажланыў жолын белгилеп, социаллық ҳәм экономикалық раўажланыў бағдарында нық қәдем атып, халықты қоллап қуўатлаў, қорғаў, аўыл хожалығы менен санаатты раўажландырыў, мәкеме менен кәрханалардың материаллық базасын беккемлеў, илим ҳәм билимлендириў саласының сапасын жақсылаў, ден саўлықты сақлаў мәкемелерин аспаб үскене менен тәмийинлеў, елимизде билимли, тәжирийбели қәнигелерди таярлаў, нызам  шығарыўшы, орынлаўшы ҳәм суд ҳәкимияты жумысларын жетилистириў ҳәм нызамластырыў, жақын қоңсылас ҳәм узақ мәмлекетлер менен дипломатиялық қатнасты жолға қойыў иләжлары исленди.

Мәмлекетимиздиң дүзилиси, социаллык ҳәм экономикалық раўажланыў барысын жеделлестириў ушын жаңа нызам жойбарлары таярланып, тийисли тәртипте үйренилип, қарап шығылып қабыл етиле баслады.

Өзбекстан Республикасының нызам шығарыўшы, «Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси», орынлаўшы «Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети», жергиликли ҳәкимият, хуқық қорғаў уйымлары хаққында нызамлар жойбарларын таярлаў, қарап шығыў ҳәм қабыл етиў ўазыйпаларын әмелге асырыў зәрүр еди. Қабыл етилген нызамлар тийкарында, тийисли тәртипте Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети, министрликлер, мәкеме қәрханалар, оқыў орынлары тәрепинен қарарлар қабыл етилип, избе-из орынланыўын тәмийинлеў илажлары әмелге асырылып барылды.

Ғәрезсизликтиң дәслепки жылларында, Өзбекстан Республикасының ишки ҳәм сыртқы сиясатын, елдиң социаллық ҳәм экономикалық раўажланыў бағдарын белгилеп бериўши бас нызамымыз, Өзбекстан



Республикасы Конституциясының жойбарын таярлаў ушын мәмлекетимиздиң билимли, илимли жетик қәнигелеринен дүзилген топар ағзалары, кең жәмаатшилик, алымлар, елимиздиң белсенди инсанлары менен пуқараларының пикирлери, усыныслары инабатқа алынып, нызам жойбары қарап шығылып, қабыл етилди.Бас нызамымыз болған Өзбекстан Республикасы Конституциясы тийкарында, билимлендириў, илим, мәденият, спорт, халқымыздың ден саўлығын, турмысын жақсылаў, социаллық қорғаў илажларын әмелге асырыў жолларын белгилейтуғын нызамлар пакетин ислеп шығыў ўазыйпалары белгиленди.

Усы ўазыйпаларды мүлтиксиз атқарыў ушын юристлер менен бирге алымлар, ҳәр түрли кәсип ийелериниң хызмет зәрүрлиги келип шықты.

Бүгин мен елимизде қарап шығып қабыл етилиўи тийис нызамлар менен бирге, нызам асты ҳүжжетлерин ислеп шығыўда белсене қатнасқан заманласымыз Парахат Айтниязовтың хызмет ҳәм мийнетлери ҳаққында сөз етиўди мақул кордим.

Парахат Айтниязов 1950-жылы 14-декабрьде Қарақалпақстан Республикасы Нөкис қаласының, Қызкеткен аўылында, буркып ағып турған «Жайхун» деп аталған Әмиўдәрья жағалаўында әпиўайы тоғай хожалығы хызметкери Айтнияз ата Сейтовтың шаңарағында дүньяға келген.

Әкеси марҳум Айтнияз Сейтов ҳәзирги Кегейли районың аймағында (бурынғы Дослық совхозында) туўылып, 40-жылдан аслам Республика

тоғай хожалығында, тоғай хожалығы хызметкери, бажбан болып ислеген дәўиринде, елимизде тоғайларды сақлаў, тоғай егинлерин өсириў ҳәм көбейтиўде аянбай хызмет ислеген. Уллы Ўатандарлык урыс қатнасыўшысы. Елдиң тынышлығы ушын жанын аямастан саўашта мәртлик көрсетип, Урыс қатнасыўшысы» ордени ҳәм бир неше мәртебе, мәмлекетлик сыйлықлар менен сыйлықланған. 2-группа урыс майыбы.

Айтнияз Сейтов Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен тоғай хожалығы хызметкери.

Анасы марҳум Даўлетбийке Сапарниязова Кегейли районының, Халқабад аўылы аймағында дүньяға келген. Үй шарўа хожалығы жумыслары менен шуғылланған. Ол бала тәрбиясы өзиниң баслы ўазыйпасы деп есаплаған.

Айтнияз ата менен Даўлетбийке апа аўыл аймақта, абыройлы шаңарақ болып, перзентлериниң тәрбиясына айрықша итибар берип келген.

Парахат ағаның балалық дәўири тийкарынан Назархан елатында өтеди. 1968-жылы мектепти жақсы тамамлаған Парахат аға, ата анасына жәрдемши болып, хожалықты қоллап қуўатлаў мақсетинде, шаңараққа келип турған дәраматқа өз үлесимди қосайын деген мақсет пенен Әмиўдәрья районы «Бердақ» хожалығына жумысшы болып жайласады.

Ер жеткен жигит 1969-жылы Қураллы күшлер қатарына әскерий хызметке шақырылып, 1971-жыл аралығында Ўатанға садық хызмет атқарып келгеннен соң, Ташкент қаласында, экскаватор заводында узақ жыллар, дәслеп жумысшы, кейин аға диспетчер хызметлеринде 1980-жылға шекем жумыс ислейди. Соның менен бирге ол Ташкент Мәмлекетлик Университетиниң юридика факультетиниң кешки бөлиминде, жумыстан қол үзбестен оқыўын даўам етип, юрист қәнигелигин ийелейди.

П.Айтниязов 1980-81 жыллары Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министрлигинде аға консультант, Нөкис қаласы судының стажёр судьясы ҳәм судьялық лаўазымларында ислеген дәўиринде, Университетте алған теориялық билимлери менен жумыс барысында ийелеген тәжирийбелери өз нәтийжелерин берип, ис жүзинде әмелге асырыўда тынып тыншымай хызмет иследи. Жас қәнигенин билимин жетилистириў бойынша өз үстинде үзликсиз ислеўи, билимин жетилистириў бойынша тийисли нызамлар, норматив ҳүжжетлер, юридикалық кеңеслер берилген басылымлар, Пленум материалларын толық үйренип барыўы, әсиресе инсан тәғдирине байланыслы дурыс шешим қабыл етилиўи ушын, ақыллы ис тутыўы менен зийреклик талап етилсе, қәниге санасында үлкен ўазыйпа турғанлығын ақыллы рәўиште сезип туратуғын еди. Жума апа Адилова,

Косберген аға Ильясов сыяқлы билимли, тәжирийбели инсанлардың устазлық етип жақыннан жәрдем бергенлиги, жас қәнигеге айдын жол инам етти десек қәтелеспеймиз.

1982-1984 жыллары Қоңырат районы судының баслығы болып сайланыў бахытына мияссар болған П.Айтниязов, өзиниң билими, жуўапкерли хызметлерде аз мүддет ислеген болса да, ийелеген тәжирийбеси, талапшанлығы, бул лаўазымда ақ жүзли абыройлы ислеўине өз көмегин тийгизди.

Республика басшылары тәрепинен П.Айтниязовтың искерлигин, шөлкемлестириў уқыбын инабатқа алып дәслеп 1984-жылы Областлық партия комитетиниң инструкторы, 1987-жылы Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министриниң орынбасары лаўазымына тайынланып, елимизде нызам үстинлигин тәмийинлеў бойынша инабатлы хызмет атқарды.

Оның бул хызметлерин есапқа алып, бурынғы аўқам Әдиллик министрлиги 1987-жылы Москва қаласында бурынғы аўқам Әдиллик министрлигиниң аға консультанты лаўазымына тайынлады. Кәсиплик шеберлигин арттырған тәжирийбели П.Айтниязовты Республика басшылары 1988-жылы Областлық партия комитетиниң мәмлекетлик ҳуқық бөлими менгериўши етип тайынлайды. Ол 1994-жылы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң сессиясында, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Комитетиниң баслығы болып сайланады.

П.Айтниязов 1990-93-жыллары Россия басқарыў Академиясында өз билимин беккемлеў ҳәм арттырыў мақсетинде оқып билим алады.

Айтниязов Парахат 1994-жылы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы суды баслығы болып сайланып, 1999-жылға шекем Республикада суд системасында әдиллик пенен ҳадал хызмет ислеп, халықтын хурмет иззетине бөленеди.

Билимли, тәжирийбели қәнигениң хызметлерин есапқа алып, 1999-жылы Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги тәрепинен П.Айтниязов министрликтиң «Ҳуқықый сиясатын муўапықластырыў ҳәм оқыў орынлары» басқарма баслығы лаўазымына тайынланған болса, 2001-жылы Қарақалпақстан Республикасы пуқаралық ислер бойынша Жоқарғы судының баслығы лаўазымына сайланды. Бул лаўазымда ол узақ жыллар Қарақалпақстан Республикасында жаңадан шөлкемлестирилген Пуқаралық ислер бойынша Жоқарғы судының жумысларын жетилистириў, пуқаралық ислер бойынша нызамлар, нызам асты ҳүжжетлериниң орынланыўын қадағалаў менен биргеликте пуқараларға ҳәм кең жәмаатшиликке түсиник жумысларын алып барды.

П.Айтниязов 2004-жылы Москвада болып өткен Халқаралық юристлер аўқамының Съездинде усы аўқам баслығының орынбасары, аўқам ағзасы болып сайланған болса, ҳәзирги күнде усы аўқам ағзасы сыпатында өзиниң усыныс ҳәм пикирлери менен қатар шет еллерде болып өткен халықаралық анжуманларда белсендилик пенен қатнасып келмекте.

П.Айтниязов 2011-2014жыллары Өзбекстан Республикасы Жоқарғы судының улыўмаластырыў бөлиминиң аға консультанты, 2014-2018 жыллары Қарақалпақстан Республикасы пуқаралық ислери бойынша Жоқарғы судының «Суд әмелияты ҳәм статистика анализлеў» бөлиминиң баслығы, 2018-2020 жыллары Өзбекстан Республикасы судьялар Ассоциациясы баслығынын орынбасары лаўазымларында жемисли хызмет ислеп, 2020-жылы 19-декабрьден баслап Қарақалпақстан Республикасы Конституциялық бақлаў комитети баслығы лаўазымында, Қарақалпақстан Республикасының жаңадан ислеп шығылып атырған нызамлар жойбарын өз ўақтында үйренип шығып тийисли тәртипте қарап шығыў ҳәм нызамлардың орынланыўын бақлап барыў жумысларын әмелге асырып келмекте.

П.Айтниязов Өзбекстан Республикасы Конституциясының 1,10,15,25,30 жыллығы көкирек нышанлары менен сыйлықланған.1-дәрежели мийнет нураныйы, «Өзбекстан суд фаҳрийси», «Дослық» ордениниң ийеси. Қарақалпақстан Республикасында хызмет көрсеткен юрист.

Парахат аға қайсы лаўазымда ислемесин ол қалыс хызмет ислеп, әдиликти, әдил шешимди өзи ушын баслы нызам деп есаплады. П.Айтниязов «Судьялар, ҳуқық қорғаў уйымларының хызметкери барқулла өзиниң дүнья қарасын жаңалаў ҳәм кеңейтиў, өзиниң бар ийелеген билиминен пайдаланып, өз билимин жетилистирип барыўы, инсан қәдири, тәлим тәрбия, руўхый ағартыўшылық ислери, мәмлекетимиздиң миллий идеологиясын жәмәәт ағзалары, халқымыздың аңына синдириў ҳәм қәлиплестириў, әсиресе билимли ҳәм тәжирийбели инсанлар менен тез тез сәўбетлесип, олардың пикир ҳәм усынысларын есапка алып, шешим қабыллаўы зәрүр» - деп есаплайды.

Өзбекстан Республикасы суд ҳуқық системасында хызмет ислеген устазлары Даумжар Ожыраев, Турсынбай Қобланов, Нурулла Абдуллаев, Убайдулла Мингбаев, Алишер Мардиев, Григорий Шумскийлердиң инсанийлық пазыйлетлери, билими менен тажирийбелерин тереңнен үйренип, өзи де тәжирийбе топлаған Парахат аға өзиниң шәкиртлери менен жаслар ушын жаратылған үлкен мектеп десек орынлы болар еди. Бүгинги куни Республика суд системасында хызмет атқарып турған судьяларымыз ҳәм

суд хызметкерлери дәўиримиз каҳарманы аксақалымызды устазым деп мақтаныш етсе, биз сол инсанлардың адамгершилиги, ҳақ кеўил, баўыры кеңлиги, басықлығы, өзин тута билиўлерине итибар берсек, ибратлы инсан Парахат ағамызды көз алдымызға елеслетеди.

Өзбекстан Республикасы Судьялар Жоқарғы Кеңеси тәрепинен, Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен юрист, «Дослық» ордени», «Суд фахрийси» көкирек нышаны ийеси, жәмийетлик искер, елдиң белгили аксақалы пидайы инсан Парахат Айтниязовтың Өзбекстан Республикасының социаллық ҳәм экономикалық раўажланыў барысында суд ҳуқық тараўында ислеген мийнетлерин есапқа алып, Карақалпақстан Республикасы Әмиўдәрья районында өзи оқыған 3-санлы улыўма орта билим бериў мектебине, усындай инсанға тәлим тәрбия берген мектеп педагогикалық жәмаатине, мектеп басшыларына миннетдаршылық билдирилиўи, Парахат Айтниязовты елимиздиң келешеги болған жас әўладларға ибрат етип, оларға тәлим ҳәм тәрбия бериў барысында оның үлги етип көрсетилиўи жаслардың өмирден өз орнын табыўға жол баслап беретуғыны сөзсиз.

Мен, билимлендириў тараўының жан күйери, keксе әўладлар ўәкили сыпатында ҳурметли Президентимиз Ш.М.Мирзиёев тәрепинен тәлимниң сыпатын көтериў, тәлим менен тәрбияның ажыралмас бир буўыны сыпатында алып барыў бойынша көрсетпелерин қоллап-қуўатлап киятырған Өзбекстан Республикасы Судьялар Жоқарғы Кеңесине өз миннетдаршылығымды билдиремен. 3-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң жәмаати ағзаларын қутлыклайман!

Педагогикалық жәмаати ағзаларына машақатлы, бирақ жас өспиримлерди тәрбиялаўдай саўаплы ислеринде табыслар тилеймен!

Жақында усы мектепте еки нәрсени жәмлеген ўақыя: «Кекселерге итибар, жас әўладқа мотивация» - атамасында ушырасыў болып өтти.

Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен юрист, «Дослық» ордениниң, «Суд фахрийси» көкирек нышаны ийеси Парахат Айтниязов дәслепки билим сырларын үйренген, билим алған оқыў журты, Әмиўдәрья районы 3-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң алтын босағасынан және бир мәртебе қутлы қәдем таслады. Оның менен бирге Өзбекстан Республикасы Судьялар Жоқарғы Кеңеси жуўаплы хызметкерлери, Қарақалпақстан Республикасы суд системасы судьялары, мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик искерлери, елимиздиң кексе аўлад ўәкиллери, бирге мектепке келди.

Инсан қанша дәрежеде билимге ийелик етип, аброй ҳәм итибарға ерискен болса әлбетте бул устазларының хызметиниң уллылығын көрсетеди. Сонлықтан ҳәр бир инсан өзиниң жетискенликлери ушын устазларға өз миннатдарлығын билдирип турса мақсетке муўапық болар еди.

Буннан 56 жыл бурын мектеп босағасынан жаңа турмысқа атланған Парахат ағаның да нийети ҳәм мақсети өзи оқыған мектебине келип, бул жарық дүньяны ерте тәрк еткен тәлим тәрбия берген устазларын еслеп, мектеп педагогикалык жәмаатине өз миннетдаршылығын билдирип, жас өспиримлер, оқыўшылар менен ушырасып, мектепте алған билими нәтийжесинде ерискен жетискенликлери менен бирге өз турмыс тәжирийбелери менен бөлисиў еди.

Мектептиң педагогикалық ҳәм оқыўшылар жәмаати усыған жараса Парахат ағаны ҳүрмет иззет пенен күтип алды. Солай етип, мектепте еки нәрсени жәмлеген ўақыя: «Кекселерге итибар жас әўладқа мотивация» - атамасында өткерилген ушырасыў, мийманлардың, мектеп жәмаати оқыўшылардың кекселерге ҳүрмет итибары, инсан қәдири көзге тасланған болса, кекселердиң турмыс тәжирийбелери жасларға ибрат, олардың келешек турмысында қосымша мотивация, алдына қойылған мақсетлерине жетеклеўши ўазыйпаны белгилейди.

П.Айтниязовтың ушырасыўда өзиниң турмыс тәжирийбеси, аўыр шараятларда оқып, тәлим тәрбия алғанлығы сол күнлери тынып тыншымай оқып излениўи, ҳадал ҳәм белсене ислеген хызметлери нәтийжесинде елдиң ҳүрметли инсанына айланғанлығын өзи ҳәм қатнасыўшылар тәсирленип айтқанларын жас балаларымыз дыққат пенен тыңлады.

Ушырасыўға Судьялар Жоқарғы Кеңеси баслығы Холмумин Буврабоевич Ёдгоров қатнасып, Парахат ағаға Сиз қай жерде, қайсы лаўазымында ислесеңизде жумыс барысында қалыс хызмет ислеп пидайы инсан екенлигиңизди көрсете билдиңиз. Сонлықтан биз Сизди Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанда елдиң ҳүрметине сазаўар болған инсан, ажайып кем-тар ҳуқық хызметкери сыпатында билемиз. Бүгинги күни оның кәсиплеслери, елимиздиң әпўайы пуқаралары тәрепинен билдирилген пикирлер қалыс ҳәм әдил айтылған.

Ушырасыў қаҳарманы мектепке ҳәм оқыўшыларға таярлаған саўғаларын тапсырып, және бир мәртебе өзиниң оқыған мектебине ҳәм оқыўшыларға ҳүрмет-иззетин көрсетти.

Жанлы сәўбетлесиў барысында қатнасыўшылар әсиресе мектеп оқыўшылары тәрепинен ҳәр сапары берилетуғын сораўлар менен биргеликте күтилмеген сораўларда да берилди.

Мектеп оқыўшысының «Егерде таң қаларлық ўақыя жүз берип, Сиз мектеп оқыўшысына айлансаңыз неге көбирек итибар берер едиңиз?» - деген сораўына жуўап тәсирли болды.

Парахат аға, «Егерде маған усындай имканиятлар жаратылса, барлық пәнлерден айырықша баҳаларға оқып, билимли, айырықша ата-аналарымызға, устазларға ҳүрмет иззет етип, заманның талабына муўапық шет тиллерин үйренген болар едим. Бул мен ушын әрман болса, сизлерге имканият. Имканияттан нәтийжели пайдаланыўыңыз лазым, Мениң бул әрманларым сизлердиң турмысыңызда әмелге ассын» - деп жуўап берип, өз тилегин билдирди.

«Президентимиз басшылығында бугинги күнде елимизде, әсиресе суд ҳуқық тараўында әмелге асырылып атырған реформалар көзди қуўандырады. Ҳүрметли Президентимиздиң суд дизими басшылары менен ушырасыўда шығып сойлеген сөзи усы тараўдың кексе аўлад ўәкили сыпатында мени руўхлантырып, суд ҳуқық тараўының жумысларын жетилистириў, тараўдағы өзгерислер менен жаңаланыўға мүнәсип үлесимди қосыўға, жас юристлерге бар билимим ҳәм тәжирийбемди үйретиў буннан кейинги хызмет барысында ҳәм тийкарғы талап болып қалады. Сонда ғана биз судьялық кәсибимизге садықлығымызды, елимиздиң раўажланыўына қосқан үлесимизди әмелде көрсеткен боламыз» - деди Парахат аға өз сөзинде.

Кекселеримиздиң жас әўлад ўәкиллери менен жүзбе-жүз сәўбетлесип барыўы соның ушын да зәрүр. Сонлықтан бундай ушырасыўлар оқыўшыларымызға тәлим бериўде ҳәм олардың тәрбиясында үлкен әҳмийетке ийе.

Ҳүрметли Президентимиздиң айтқанындай «Жаңа Өзбекстан мектеп босағасынан басланады».

Парахат аға ҳүрметли ата, азиз меҳрибан әке, сүйикли яр, жәмийетлик искер, уллы инсан.

Парахат ағаның өмирлик жолдасы Убайда апа белгили медицина хызметкери. Убайда апа менен еки ул, еки қызды дүньяға келтирип, олар елимиздиң раўажланыў барысында хызмет ислеп келмекте.

Өзбекстанымыз Қарақалпақстанымыздың раўажланыў барысында белсене хызмет ислеген, усындай инсанларды көзимиздиң қарашығындай сақлап, ҳүрмет ҳәм иззет етиў бәршемиздиң ўазыйпамыз.

Парахат аға Айтниязовқа беккем ден саўлық, узақ мазмунлы өмир, ийгиликли ислеринде табыслар тилеймен.